

Jesu Mupenyu

Mako 16:1 - Kumuka kuvakafa

Sabata rakati rapfuura, Maria Magadharena, Maria mai vajakobho, naSarome vakatenga zvinonhuwira kuti vagondozodza mutumbi waJesu.


Mateo 27:65-66, 28:1-10

65 Pirato akapindura akati, “Torai, varindi. Endai, mundochenetedza guva iroro semaziviro enyu.” 66 Saka vakaenda vakandoita kuti richengetedzwe nokuisa chisimbiso pabwe, uye nokuisa varindi.

28:1 Mushure meSabata, ava mambakwedza nomusi wokutanga wevhiki, Maria Magadharena nomumwe Maria vakaenda kundoona guva. 2 Pakava nokudengenyeka kwenyika kukuru nokuti mutumwa waShe akabva kudenga akaenda paguva akasvikokungurutsa ibwe riya akagara pamusoro paro. 3 Kuonekwa kwake kwakanga kwakaita semheni uye nguo dzake dzakanga dzakachena sechando. 4 Varindi vakamutya kwazvo zvokuti vakadedera vakaita savanhu vafa.

5 Mutumwa akati kuvakadzi vaya, “Musatya nokuti ndinoziva kuti muri kutsvaka Jesu uyo akarovererwa pamuchinjikwa. 6 Haapo pano; amuka sokutura kwaakaita. Uyai muone panzvimbo paakanga avete. 7 Zvino kurumidzai muende kundoudza vadzidzi vake kuti, ‘Amuka kubva kuvakafa uye kuti afanotungamira kuGarirea. Muchanomuona ikoko.’ Zvino ndakuudzai.”

8 Saka vakadzi ava vakakurumidza kubva paguva vachitya asi vakazadzwa nomufaro, uye vakamhanya kundoudza vadzidzi vake. 9 Pakarepo Jesu akasangana navo, akati, “Kwaziwai.” Vakauya kwaari vakabata tsoka dzake uye vakamunamata. 10 Ipapo Jesu akati kwavari, “Musatya. Endai mundoudza hama dzangu kuti vaende kuGarirea; ikoko ndiko kwavachanondiona.”



I Know that My Redeemer Lives

Samuel Medley

I know that my Redeemer lives;
What comfort this sweet sentence gives!
He lives, He lives, who once was dead;
He lives, my ever living Head.

He lives triumphant from the grave,
He lives eternally to save,
He lives all glorious in the sky,
He lives exalted there on high.

Kutarisia: Kumuka kuvakafa

1. Nemhaka yei vakadzi vakaenda kubwiro raJesu? (*Vakatakura zvinonhuwira kuti vandozodza mutumbi waJesu.*)
2. Ko ndiani akakungurusa ibwe kubva pabwiro? (*Mutumwa ndiye akakungurusa ibwe.*)
3. Ko Bhaibheri rinotsangudza mutumwa uyu sei? (*Kuratidzika kwake kwakanga kwakaita semheni uye nguvo dzake dzaive dzakachena sechando.*)
4. Ko varindi vebwiro vakaita sei pavakaona mutumwa? (*Vakaita sevakanga vafa.*)
5. Ko mutumwa akanyaradza vakadzi sei? (*Akati, “Musatya.”*)
6. Ko mutumwa aiva neshoko rokuti kudini? (*Akavaudza kuti vatarise mubwiro. Jesu haapo pano. Akamuka*)
7. Ko akataurira vakadzi kuti vaitei? (*Endai mundoudza vadzidzi vake, kuti Jesu akamuka.*)
8. Apo Jesu akazviratidza kwavari panzira, vakadzi vakaitei? (*Vakawira pasi patsoka dzake, vakamunamata.*)
9. Ko vakadzi ava vakanzwa sei apo vakaona Jesu? (*Vakabatwa nokutya, asi vaine mufaro. Vakakurumidza kundozivisa vadzidzi.*)
10. Ko tingawanawo sei mufaro waiva navakadzi ava pamusi wokumuka kwaKristu? (*Kuburikidza nokumbira Jesu kuti apinde mumwoyo yedu nomuupenyu hwedu. Kuverenga Bhaibheri, kutaura naMwari mumunyengetero, nokuwadzana navamwe vatendi.*)